

Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: PA FIMEN	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 3
--------------------------	---------------------------------------	--------------------------	------------------

OBJEKTIF

Pou ankouraje sekirite, sante ak byennèt òganizasyon nou an, amelyore kalite lavi pou youn lòt, ak sila yo n ap sèvi yo, sipòte preskripsyon eta ak lokal yo, epi reponn ak nòm The Joint Commission yo.

POLITIK

Cleveland Clinic angaje pou li bay yon anviwònman san danje ak sen pou tout anplwaye, vizitè ak pasyan yo. Nan ka sa a, fimen, sèvi ak sigarèt elektwonik, oswa sèvi ak nenpòt pwodui tabak entèdi sou tout pwopriyete Cleveland Clinic posede oswa anfème ak pwopriyete prive ki tou pre etablisman yo.

Ankenn pwodui tabak pa dwe vann sou pwopriyete Cleveland Clinic yo.

Anplwaye yo

Anplwaye ki vyole politik sa a pral sibi aksyon korektif nan konfòmite ak politik Aksyon Korektif Cleveland Clinic lan.

Pou ede anplwaye yo, Cleveland Clinic ofri resous pou sispann fimen.

Pasyan yo

Pasyan yo jwenn k ap vyole politik sa a, ap resevwa enfòmasyon ak jantiyès sou politik pa Pa Fimen nou an. Vyolasyon repete gendwa debouche sou konfiskasyon pwodui tabak yo yon fason pou pwoteje sekirite lòt moun yo kont risk dife.

Opsyon ranplasman nikotin yo gendwa disponib, jan LIP detèmine sa a. Anplis, gen enfòmasyon ki disponib pou kite fimen.

Kontraktè yo


Politik Pa Fimen sa a aplikab pou tout zòn konstwiksyon ak aktivite travay ki kontrakte yo. Moun ki pa anplwaye k ap fè travay sou pwopriyete Cleveland Clinic yo dwe swiv politik sa a. Yo ta dwe rapòte egzanp non konfòmite yo bay administratè kontra a oswa reprezantan anplwaye yo nonmen an.

Non-konfòmite ki repete se baz pou ranvwa sou pwopriyete a.

Vizitè yo

Nou pral dekouraje vizitè yo pou itilize pwodui tabak sou pwopriyete Cleveland Clinic yo.

Vizitè ki nan vyolasyon ak politik Pa Fimen nou an ap resevwa ak jantiyès enfòmasyon sou politik nou an.

Dat Efektif: 28/08/2009 16/10/2013	Dat Piblikasyon: 01/01/1989	Moun ki Prepare li a: Jill Patterson	Apwobasyon:  J. Patrnrchak	1 sou 2
---	---------------------------------------	--	---	---------

Politik ak Pwosedè Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: PA FIMEN	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 3
--------------------------	---------------------------------------	--------------------------	------------------

Vyolasyon ki repete gendwa debouche sou konfiskasyon pwodui tabak yo yon fason pou pwoteje sekirite lòt moun yo kont risk dife oswa ranvwa sou pwopriyete a.

SIPEVIZYON AK RESPONSABLITE


Yon aplikasyon konsantre gendwa delege bay depatman oswa endividi espesifik sou yon baz etablisman pa etablisman.

BIWO K AP PIBLIYE A

Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

REFERANS POLITIK YO

Aksyon Korektif

Dat Efektif: 28/08/2009 16/10/2013	Dat Piblikasyon: 01/01/1989	Moun ki Prepare li a: Jill Patterson	Apwobasyon:  J. Patrnochak	2 sou 2
---	---------------------------------------	--	---	---------